



Blesi Grav nan Plasman/Pwogram Gadri a

Nimewo Politik la: RP-26-08

Dat li Pibliye: 8 Jiyè, 2026

Dat Li An Vigè: 8 Jiyè, 2026

Aplikabilite: Tout Ajans Plasman Ki Gen Lisans EEC

OTORITE

606 CMR 5.04(4)(f): Moun ki gen lisans lan dwe imedyatman rapòte bay Depatman an nenpòt ensidan grav oswa lanmò nenpòt timoun ki anba swen oswa gad li.

DEKLARASYON SOU POLITIK LA

Yon blesi fizik grav sou yon timoun ki anba swen dwe rapòte bay Depatman an nan vennkat (24) èdtan apre ensidan an epi moun ki gen lisans lan dwe mennen yon envestigasyon sou sa dapre règleman EEC yo. Règleman sou Envestigasyon Entèn ak Gid Pèsonèl nan Ajans Plasman.

Yon blesi grav dwe rapòte bay Depatman an si li te rive pandan ajans plasman an te responsab pou sipèvize plasman/pwogram nan.

Nenpòt blesi grav, enkli blesi yon moun fè tèt li, ki lakòz entèn yon timoun nan yon lopital sikyatrik oswa medikal, dwe rapòte bay Depatman an.

Blesi grav yo enkli sa yo, men yo pa limite a sa yo sèlman, zo kase, laserasyon/blesi ki mande pou yo koud li, pèt konsyans, ak anpil mak grafouyen.

Moun ki gen lisans lan dwe rapòte bay Depatman an tou nenpòt blesi ki fèt sou yon timoun ki lakòz yo depoze yon rapò 51A bay Depatman Timoun ak Fanmi an ki akize de

abi oswa neglijans sou timoun nan pandan li te nan yon plasman/pwogram ki anba sipèvizyon ajans lan.

Moun ki gen lisans lan dwe rapòte tou bay Depatman an nenpòt blesi ki fèt sou yon timoun ki ta ka akòz yon erè anplwaye yo oswa Neglijans epi ki a sijè a yon investigasyon entèn pa pwogram nan. Anplis de sa, yo sijere pou moun ki gen lisans lan enfòme Depatman an de nenpòt blesi yon timoun ki lakòz yo pote yon plent kont li konsènan swen li bay timoun nan.

EKSPIRE

Pou ajans plasman ki gen lisans, politik sa a ranplase ansyen politik EEC sou Blesi Grav nan Swen/Gadri Rezidansyèl oswa Plasman ki te pibliye 25 Septanm 2008 la.